# 1-klass oqıwshılarına atalǵan «Prezident sawǵaları» aymaqlarǵa jol aldı

Image not found or type unknown

Tuńǵısh márte mektep bosaǵasına qádem qoyıwǵa atlanıp atırǵan oqıwshılar jańa oqıw jılınıń baslanıwın sabırsızlıq penen kútpekte. 1-klassqa qabıl etilip atırǵan oqıwshılardı xoshametlew, oqıwǵa bolǵan qızıǵıwshılıǵın arttırıw maqsetinde «Prezident sawǵaları» beriledi.

Xalıq bilimlendiriw ministrligi málimleme xızmetiniń xabar beriwinshe, 2021-2022-oqıw jılı ushın 1-klass oqıwshılarına tapsırılatuǵın «Prezident sawǵaları»nan ibarat kárwan aymaqlarǵa jol aldı.

Sawǵalar arasında 12 túrdegi  oqıw quralları, sonıń ishinde, portfel, dápter, súwret dápteri, akvarel boyawları, reńli qaǵaz, qálem salǵısh, sharikli ruchka, reńli hám ápiwayı qálemler, plastilin, jelim, óshirgish bolıp, olar dáslep Jizzaq hám Sırdárya wálayatlarına jetip baradı. Jańa oqıw jılı baslanǵanǵa shekem bul sawǵalar basqıshpa-basqısh barlıq mekteplerge jetkerilip, oqıw jılınıń birinshi kúni oqıwshılarǵa tapsırıladı.

Burın xabar bergenimizdey, 2021-2022-oqıw jılında  641 604 oqıwshı mekteplerdiń 1-klasslarına qabıl etiliwi rejelestirilgen.

Image not found or type unknown

Fayzullo YaHYoEV,

ÓzAnıń xabarshısı